



Yon gwo opòtinite karyè ak Benefis, Fòmasyon & Avansman Pwofesyonèl!

Vin yon asistan swen pèsònèl (PCA)

Pwogram Asistan swen Pèsònèl (PCA) delivre pa MassHealth. MassHealth peye kliyan-anplwayè (moun ki genyen andikap fizik, entelektyèl, oswa devlopman) pou anboche PCA pou ede yo nan aktivite lavi chak jou:

- Prepare epi bay manje
- Ede mache ak transfere
- Ede nan fè twalèt
- Netwaye kay ak fè makèt
- Sipò nan mache
- Ede ak benyen epi abiye

Kalifikasyon

- PCA dwe legalman otorize travay ozetazini (United States).
- PCA dwe kapab konprann epi egzekite enstriksyon kliyan anplwayè a.
- Nouvo PCA yo dwe konplete yon fòmasyon pou nouvo anboche nan lespas nèf (9) mwa dat yo anboche.
- [Ale nan lòt kalifikasyon nan MassHealth règleman nan 130 CMR 422.000.](#)

Benefis

- Salè \$20.00 pa è si w pran oryantasyon PCA pou nouvo anplwaye yo
- Konje medikal pou fanmi peye
- Genyen rive 50 èdtan konje peye
- Elijib pou chomaj

Fòmasyon gratis

Aprè premye jou anlwa kòm PCA, ou gen dwa anrejistre pou kèk kou milti-sesyon epi yon jou atelye!

Avansman Karyè

Premye jou dezyèm ane travay ou, PCAs vin elijib pou:

- **Bon ekolaj pou kolèj** uit (8) kredi gratis pa ane) genyen kredi oswa pwogram etid nan enfòmasyon teknoloji, swen sante oswa domèn edikasyon
- **Pwogran Asistan enfimyè (CNA)** ki gen ladan li frè kou a, tès sètifikasyon ak inifòm

Kòmanse jodia!

- Plis enfòmasyon disponib nan www.MADirectCare.com.
- Kreye yon pwofil travayè nan www.MassPCADirectory.org.
Konekte sou entènèt ak moun ki vle anboche PCA. Potansyèl konsomatè-anplwayè yo pral aprann sou preferans travay ou, kalifikasyon, aptitud, ak fòmasyon ou.

